

**NGAGUNAKEUN MODEL PANGAJARAN PROBLEM BASED  
LEARNING PIKEUN NINGKATKEUN MOTIVASI  
SARTA HASIL DIAJAR MURID DINA  
SUBTEMA KABERSAMAAN  
DINA KABERAGAMAN**

*(Panalungtikan Usaha Kelas Murid kelas IV A SDN 086 Cimincrang)*

**Ku  
Cucu Maria Solihat  
13060029**

**RINGKESAN**

*Panalungtikan ieu ngabogaan maksud kanggo ningkatkeun kualitas pangajaran anu subtema kabersamaan dina kaberagaman kanggo murid IV A SDN 086 Cimincrang anu ngagunakeun model pangajaran Problem Based Learning. Panalungtikan ieu dumasar kana pamendak dina hasil kagiatan observasi nyaeta nunjukkeun yen motivasi sarta hasil diajar murid kurang, proses pangajaran anu kirang bermakna nu ngajadikeun murid hese ngarti kana materi, pola pangajaran anu masih kénéh tradisional, guru kirang kaparigelan dina milih model sareng metode pangajaran anu ngakibatkeun pangajaran henteu dipikaresep. Metode anu digunakeun nyaeta panalungtikan usaha kelas (PTK) model anu ngagunakeun tilu siklus langkah anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta wawancara, observasi, tes, angket sareng dokumentasi. Salian kanggo ningkatkeun hasil diajar murid anu ngagunakeun model pangajaran Problem Based Learning oge kanggo ningkatkeun motivasi diajar murid dina tiap siklusna. Kanggo hasil diajar murid dina siklus I hasilna 69%, siklus II hasilna 84%, jeung siklus III hasilna 92%. Nilai rata-rata anu aya dina siklus I hasilna ningkat jadi 63 (cekap), siklus II hasilna ningkat jadi 75 (alus), sareng siklus III jumlahna ningkat janten 85 (leuwih alus). Sareng ningkatkeun nilai rata-rata motivasi diajar murid dina tiap siklusna, dina siklus I hasilna 66,6%, siklus II hasilna 80,9%, sareng siklus III hasilna 92,8%. Tina hasil data anu aya tiasa disimpulkeun pangajaran anu ngagunakeun model pangajaran Problem Based Learning bisa ningkatkeun motivasi sarta hasil diajar murid dina subtema kabersamaan dina kaberagaman.*

*Sanggem Konci : Problem Based Learning, Motivasi sarta Hasil Diajar Murid*